

**Clinical Coordinating Center**  
Massachusetts General Hospital  
55 Fruit Street, 5LON207  
Boston, MA 02114

**Data Coordinating Center**  
Massachusetts General Hospital  
165 Cambridge Street Suite 400  
Boston, MA 02114

Los hallazgos presentados en este resumen provienen de la población del estudio REPRIEVE en un momento específico. Estos hallazgos son descriptivos y no tienen el propósito de modificar la atención clínica. Si tiene alguna pregunta sobre lo que ha leído, converse con los miembros del equipo del estudio REPRIEVE en su centro local o con un proveedor de atención médica.

Udo Hoffmann, Michael Lu, Pam Douglas, Steven Grinspoon, and colleagues  
<https://academic.oup.com/cid/advance-article/doi/10.1093/cid/ciab552/6301132?searchresult=1>

Risk maladi kadyak ap ogmante pami moun ki ap viv ak maladi VIH (PWH), sepandan, yo poko konnen byen faktè ki lye avèk risk ogmantasyon sa a. Anjyografi pa tomografi avèk òdinatè, oswa CCTA, se yon metòd imajri pou gade atè kowonè yo (veso ki ap mennen san nan kè a) epi pou wè konbyen plak (depo grès) ki nan atè kowonè yo.

REPRIEVE te rekrute patisipan ki genyen maladi oswa sentòm kadyak pou gade si statin yo efikas pou fè prevansyon kont maladi kadyak nan gwoup enpòtan sa a. Nan analiz sa a, anketè yo te egzamine si plak yo parèt nan yon gwoup ki pi piti pami popilasyon jeneral etid la pou konprann kijan plak lye avèk faktè risk maladi kadyak tankou fimen, epitou makè sante iminitè ak enflamasyon (reyaksyon kò a kont enfeksyon ak blesi) kay adilt ki ap viv ak maladi VIH ki genyen risk maladi kadyak fèb rive modere.

- Patisipan:
  - 755 patisipan ototal
  - Laj mwayen: 51 lane
  - 16% te fèt fanm (fanm alanesans)
  - 35% te nwa oswa Afwo-Ameriken
  - 24% te Ispanofòn oswa Latino
- Presans plak kowonè:
  - Apeprè mwaye patisipan yo te genyen plak
  - Majorite plak yo te limite anpil, epi yo te remake yon diminisyon enpòtan kay mwens pase 3% patisipan
  - Patisipan ki genyen plak te genyen nivo ki pi wo nan sèten makè fonksyon iminitè, ki gen dwa montre genyen plis enflamasyon.
- Patisipan ki genyen plak yo te genyen plis chans pou:
  - Pi granmoun
  - Se gason

REPRIEVE Trial Website: [reprivetrial.org](http://reprivetrial.org)

*Dekouvèt yo pataje nan rezime sa a sòti nan popilasyon REPRIEVE la a yon moman espesifik nan dire a. Dekouvèt sa yo se deskripsyon yo ye epi yo pa fèt nan lide pou chanje swen klinik. Si ou genyen kesyon sou sa ou li yo, tanpri pale avèk manm ekip etid REPRIEVE la nan sit lokal ou a oswa avèk yon founisè swen sante.*

**Clinical Coordinating Center**

Massachusetts General Hospital  
55 Fruit Street, 5LON207  
Boston, MA 02114

**Data Coordinating Center**

Massachusetts General Hospital  
165 Cambridge Street Suite 400  
Boston, MA 02114

- Se blan
- Genyen yon istorik familyal maladi kadyak prekòs
- Genyen yon istorik tansyon ateryèl ki wo
- Genyen nivo glisemi ajèn ki ogmante ak kwolesterol dansite fèb (move kolestewòl)
- Fimen sigarèt

Menm jan avèk etid moun ki ap viv ak maladi VIH yo, kèk patisipan nan sou-etid REPRIEVE sa a te genyen plak kowonè. Yon bagay enpòtan, pou yon gwo majorite patisipan, plak kowonè yo pa t mennen yon diminisyon enpòtan atè prensipal kè a. Doktè yo pa sèten enpòtans medikal ti plak kowonè, kay moun ki pa genyen sentòm maladi kadyak. REPRIEVE pral ede nou konnen si plak sa yo enpòtan kay PWH ki pa genyen istorik maladi kadyak oswa sentòm maladi kadyak yo konnen, epi si pitavastatin (medikaman statin yo ap etidye nan REPRIEVE la) gen dwa afekte depo plak nan kè a avèk letan.